

Mathematics: Applications and Concepts
Course 2

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Absolute value	Valè absoli	107	3	Distans ant nonm la epi zewo sou dwat nimerik la
Acute angle	Ang egi	413	10	Yon ang ki pi gran pase 0° men ki pi piti pase 90°
Acute triangle	Triyang egi	429	10	Yon triyang ki genyen twa ang egi
Additive inverse	Eleman opoze pou adisyon	121	3	Yon antye relatif epi opoze li. Sòm yon antye relatif ak opoze li bay zewo.
Algebra	Aljèb	18	1	Branch nan matematik ki travay sou ekspresyon ki genyen varyab nan yo.
Algebraic expression	Ekspresyon aljebrik	28	1	Yon konbinezon varyab ak nonm ki genyen o mwen yon operasyon
Angle	Ang	413	10	De demidwat ki genyen menm orijin fòme yon ang. Demidwat yo epi some a bay ang la non li.
Area	Sifas	271	6	Kantite inite sifas ki nesèsè pou kouvri rejyon fèmèn yon figi jeyometrik limite.
Arithmetic sequence	Seri aritmetik	34	1	Yon seri kote diferans ant de tèm konsekitif toujou menm nonm la.
Associative property	Asosyativite	334	9	Jan nou gwoupe 3 nonm yo lè nap fè adisyon osnon multiplikasyon pa chanje sòm yo osnon pwodwi yo.
Bar graph	Dyagram baton	85	2	Yon grafik ki itilize ba pou konpare estatistik.
Bar notation	Notasyon decimal repete	211	5	Nan yon nonm ki genyen on pati decimal peryodik yo mete yon liy osnon yon ba anlè chif kap repete yo. Pa ekzamp, $2.\overline{63}$ montre chif 63 ap repete
Base	Baz	10	1	Nan yon pwisans nonm yo itilize tankou faktè

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Base	Baz	10	1	Nan yon fòm eksponansyèl, nonm yo itilize tankou faktè. Nan 10^3 , baz la se 10. Sa vle di $10^3 = 10 \times 10 \times 10$
Base	Baz	323	7	Nan yon pwopòsyon kotè yon nan rapò yo se yon pousan, nonm yo konpare avèk pousan an
Base	Baz	483	11	Yon nan kote yon paralelogram.
Box and whisker plot	Dyagram bwat ak tij	80	2	Yon diagram ki itilize medyann la, pi piti epi pi gran katil ak vale ekstrèm yo pou rezime done. Yo desine yon bwat otou vale katil epi genyen tij ki ale depi chak katil la jiska vale ekstrèm yo.
Center	Sant	275	6	Yon pwen ki nan menm distans ak tout pwen sou yon sèk osnon yon esfè.
Circle	Sèk	275	6	Ansanm tout pwen nan yon plan ki nan menm distans ak yon pwen andedan sèk la yo rele sant.
Circle graph	Dyagram sikilè	418	10	Yon grafik yo itilize nan estatistik pou konpare pati ki fòme yon ansanm.
Circumference	Sikonferans	275	6	Distans otou yon sèk.
Cluster	Gwoupman	65	2	Done ki yon pre lòt gwoupe ansanm.
Coefficient	Koyefisyan	19	1	Faktè nimerik yon tèm ki genyen yon varyab ladan li.
Combination	Konbinezon	387	9	Yon jan pou ranje osnon prezante bagay kote lòd bagay yo pa enpòtan.
Common denominator	Denominate komen	227	5	Yon miltip komen denominate de osnon plizyè fraksyon. 24 se yon denominate komen $\frac{1}{3}$, $\frac{5}{8}$ epi $\frac{5}{8}$ paske 24 se PPMK 3, 8, epi 4.
Commutative property	Komitativite	31	1	Lòd nou adisyone osnon miltipliye de nonm pa chanje sòm yo osnon pwodwi yo.
Compatible numbers	Nonm konpatib	242	10	Nonm ki fasil pou fè kalkil mantal.
Complimentary angles	Ang konplemantè	422	10	De ang konplemantè lè sòm mezi yo se 90° .

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Complementary events	Evènman konplemantè	371	9	De evènman yon nan de yo fèt pou rive, men kote tou lè de pa kapab rive ansanm.
Complex figure	Figi konplèks	498	11	Yon figi ki fèt ak sèk, ak kare, ak rektang, epi lòt figi bidimansyonèl.
Compound event	Evènman konpoze	398	9	Yon evènman ki se combinezon de osnon plizyèevènman senp.
Composite number	Nonm konpoze	197	5	Yon nonm antye ki pi gran pase 1 epi ki genyen plis pase de faktè.
Congruent angles	Ang egal	422	10	Ang ki genyen menm mezi.
Congruent segments	Segman egal	429	10	Kote yon triyang ki genyen menm longè.
Constant	Konstant	19	1	Yon tèm ki pa genyen varyab ladan li.
Coordinate grid	Griy koòdone	112	3	Wè plan katezyen
Coordinate plane	Plan katezyen	112	3	Yon plan kote yon dwat nimerik orizontal kwaze ak yon lòt dwat nimerik vètikal nan orijin yo
Cross product	Pwodwi kwaze	297	7	Nan yon pwopòsyon, pwodwi kwaze a se pwodwi nimeratè yon rapò ak denominate lòt rapò a.
Cubed	Okib	10	1	Pwodwi kote yo itilize you nonm tankou faktè twa fwa. 2 okib se 8 paske $2 \times 2 \times 2 = 8$
Cup	Kèp	267	6	Yon inite pou mezire volim nan sistèm koutimye a ki egal 8 ons likid
Cylinder	Silend	524	12	Yon figi tridimansyonèl ki genyen de baz sikilè ki parallèl epi egal.
Data	Done	54	2	Enfòmasyon, ki le pli souvan se nonm, yo rasanble pou fè estatistik.
Decagon	Dekagòn	446	10	Yon polygòn ki genyen dis kote.
Defining the variable	Defini yon varyab	25	1	Chwazi yon varyab epi yon kantite pou varyab la pou reprezante nan yon ekwasyon.
Degrees	Degre	413	10	Inite pou mezire ang ki pi komen. Si yo divize yon sèk an 360 pati egal, chak pati ap genyen yon ang ki mezire 1 degre.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Dependent events	Evènman depandan	399	9	De osnon plizyè evènman kote rezilta yon afkte rezilta lòt yo
Diameter	Dyamèt	275	6	Longè lij ki relye de pwen yon sèk epi ki pase nan sant la.
Discount	Rabè	355	8	Kantite yo wete sou pri yo vann yon bagay nòmalmman.
Distributive property	Distribitivite	30	1	Pou miltipliye yon nonm ak yon sòm, miltipliye chak tèm sòm la ak nonm ki deyò parantèz la.
Domain	Domèn	177	4	Ansanm vale varyab yo ki nan ansanm sous la.
Equation	Ekwasyon	24	1	Yon fraz matematik ki genyen yon sij egal, =.
Equilateral triangle	Triyang ekilateral	429	10	Yon triyang ki genyen twa kote egal.
Equivalent expressions	Ekspresyon ekivalan	30	1	Ekspresyon ki genyen menm valè
Equivalent fractions	Fraksyon ekivalan	207	5	Fraksyon ki genyen menm vale. $\frac{2}{3}$ ak $\frac{4}{6}$ se fraksyon ekivalan.
Equivalent ratios	Rapò ekivalan	289	7	De rapò ki genyen menm vale.
Evaluate	Evalye	11	1	Pou jwenn vale tout pwisans yo miltipliye tout faktè yo.
Experimental probability	Pwobabilite Eksperimantal	393	9	Estimasyon yon pwobabilite baze sou frekans relatif rezilta pozitif ki rive pandan yon eksperyans.
Exponent	Ekspozan	10	1	Nan yon fòm eksponansyèl, nonm fwa yo itilize baz la tankou yon faktè. Sètadi, $5^3 = 5 \times 5 \times 5$.
Exponential form	Fòm eksponansyèl	11	1	Nonm ki ekri avèk ekspozan.
Factorial	Faktoryèl	381	9	Ekspresyon $n!$ (faktoryèl n) se pwodwi tout nonm antye depi nonm la pou rive jiska 1.
Factor	Faktè	10	1	De osnon plizyè nonm ki miltipliye pou fòme yon pwodwi.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Factor tree	Dyagram faktorizasyon an fòm pye bwa	198	5	Yon diagram ki montre ki jan yo mete yon nonm sou fòm faktè pwemye li. Faktè yo soti nan lòt faktè nonm la jiskaske tout faktè yo se nonm pwemye.
Fair game	Jwèt ekitab	374	9	Yon jwèt kote tout jwè ki genyen menm talan genyen menm chans pou yo genyen.
Formula	Fòmil	271	6	Yon ekwasyon ki montre relasyon ant sèten kantite.
Frequency table	Tablo frekans	54	2	<ul style="list-style-type: none"> Yon tablo ki pèmèt òganize yon ansanm done epi ki montre konbyen fwa chak bagay osnon chak nonm parèt.
Function	Fonksyon	177	4	Yon relasyon kote chak eleman nan ansanm sous la marye avèk ekzakteman yon sèl eleman nan ansanm imaj la swivan yon règ byen detèmine.
Function table	Tablo fonksyon	177	4	Yon tablo kote yo òganize valè antre yo, règ fonksyon a epi valè imaj yo.
Fundamental counting principle	Prensip fondamantal. denonbreman	378	9	Prensip sa itilize multiplikasyon nonm fwa chak evènmanmanan yon eksperyans ka rive pou jwenn nonm rezilta posib nan yon inivè.
Gallon	Galon	267	6	Yon inite pou mezire volim nan sistèm koutimye ki egal kat ka.
Geometric sequence	Seri jewometrik	34	1	Yon seri nonm kote yo ka jwenn tèms swivan si yo multipliyè tèms presedan ak yon menm nonm.
Gram	Gram	39	1	Inite de baz pou mezire mas nan sistèm metrik la.
Graph	Plase yon pwen	106	3	Pwosesis kote yo mete yon pwen sou dwat nimerik la kote li dwe ye.
Greatest common factor (GCF)	Pi gran faktè komen (PGFK)	203	5	Pi gran faktè de osnon plizyè nonm genyen an komen. PGFK 24 ak 18 se 6.
Height	Wotè	483	11	Pi piti distans ant baz yon paralelogram epi kote opoze a.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Heptagon	Eptagòn	446	10	Polygòn ki genyen sèt kote.
Hexagon	Ekzagòn	446	10	Polygòn ki genyen sis kote.
Histogram	Istogram	86	2	Yon diagram baton espesyal kote yo itilize baton pou reprezante frekans done nimerik yo apre yo gwoupe yo pou fòm entèval.
Hypotenuse	Ipoteniz	479	11	Kote ki an fas ang dwa nan yon triyang rektang.
Identity property	Idantite	31	1	Sòm yon nonm ak zewo se nonm la. Pwodwi yon faktè ak yon se faktè a
Indirect measurement	Mezi endirèk	441	10	Itilize triyang sanblab epi pwopòsyon pou jwenn yon mezi
Integer	Nonm antye relatif	106	3	Nonm antye ak nonm opoze. $-3, -2, -1, 0, 1, 2, 3$
Independent events	Evènman endepandan	398	9	De osnon plizyè evènman kote rezilta yon pa afekte rezilta lòt yo.
Inequality	Inekwasyon	172	4	Yon fraz matematik ki genyen senbòl $<, >, \leq,$ osnon \geq .
Interquartile range	Diferans intèkatil	81	2	Pòte ant pwemye epi twazyèm katil la nan yon ansanm done. Distans intèkatil = PK – TK
Interval	Entèval	54	2	Diferans ant de valè konsekitif sou yon echèl.
Inverse operations	Operasyon envès	156	4	Operasyon yon defèt lòt. Adisyon ak soustraksyon se de operasyon envès.
Irrational number	Nonm irasyonèl	476	11	Yon nonm ki pa ka ekri tankou yon fraksyon.
Isosceles triangle	Triyang izosèl	4298	10	Yon triyang kote o mwen de kote egal.
Kilogram	Kilogram	39	1	Yon inite pou mezire mas nan sistèm metrik la. Yon kilogram egal mil gram
Leaf	Fèy	76	2	Nonm ki genyen dezyèm valè pozisyonèl ki pi gran nan yon dyagram an tij ak fèy

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Least common denominator (LCD)	Pi piti denominate komen (PPDK)	227	5	Pi piti miltip komen denominate de osnon plizyè fraksyon.
(LCM) Least common multiple	Pi piti miltip komen (PPMK)	224	5	Pi piti nan miltip komen de osno plizyè nonm PPMK 2 ak 3 se 6.
Legs	Kote ang dwa	479	11	Yon nan de segman ki fòme ang dwa nan yon triyang rektang.
Linear equation	Ekwasyon lineyè	178	4	Yon ekwasyon grafik li se yon lij dwat.
Line graph	Grafik an liy	60	2	Yon grafik yo itilize nan estatistik ki itilize lij pou montre evolisyon done pandan yon peryòd tan
Line of symmetry	Liy simetri	456	10	Yon liy ki divize yon figi an de mwatye. Yon mwatye se refleksyon lòt mwatye a.
Line plot	Liy resansman	64	2	Yon grafik kote yo itilize yon x anlè yon nonm sou dwat nimerik la chak fwa nonm la parèt nan ansanm done a.
Line symmetry	Simetri bilateral	456	10	Desen ki lè yo pliye yo an de genyen de mwatye yo sipèpozab prezante yon liy simetri.
Liter	Lit	39	1	Inite de baz pou mezire kapasite nan sistèm metrik la. Yon lit yon ti jan pi gran pase yon ka
Lower extreme	Minimòm	80	2	Pi piti nonm nan yon ansanm done.
Lower quartile	Pi piti katil	80	2	Medyann pwemye mwatye nan yon ansanm done. Nap ekri li PPK
Mean	Mwayèn	69	2	Sòm tout nonm nan yon ansanm divize nonm done ki nan ansanm la.
Measures of central tendency	Mezi tandans santral yo	69	2	Nonm yo itilize pou dekri mitan yon ansanm done.
Median	Medyann	70	2	Nonm ki nan mitan yon ansanm done ki nan lòd. Si genyen yon nonm done ki pè, medyann la se mwayèn de nonm ki nan mitan ansanm la.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Meter	Mèt	38	1	Inite de baz pou mezire longè nan sistèm metrik la.
Metric system	Sistèm metric	38	1	Yon system desimal pou mezire ki itilize inite sa yo: mètr pou longè, gram pou mas, epi lit pou kapasite.
Mode	Mòd	70	2	Nonm osnon bagay ki parèt pi souvan nan yon ansanm done.
Multiple	Miltip	224	5	Pwodwi nonm la ak nenpòt lòt nonm antye.
Multiplicative inverse	Eleman envès pou miltiplikasyon	258	6	Pwodwi yon nonm avèk envès li pou miltiplikasyon se 1.
Negative interger	Antye relatif negatif	106	3	Yon antye relatif ki pi piti pase zewo.
Nonagon	Nanogòn	446	10	Yon polygòn ki genyen 9 kote.
Numerical expression	Ekspresyon nimerik	14	1	Yon konbinezon nonm ak operasyon.
Obtuse angle	Ang obti	413	10	Yon ang ki gran pase 90° men ki pi piti pase 180° .
Obtuse triangle	Triyang obti	429	10	Yon triyang ki genyen yon ang obti.
Octagon	Oktagòn	446	10	Yon polygòn ki genyen 8 kote.
Opposite	Opoze	121	3	De antye relatif opoze si yo reprezanta ak de pwen sou dwat nimerik la ki nan menm distans orijin la menm yo nan sans opoze. Sòm de nonm opoze egal zewo.
Order of operations	Lòd oprasyon yo	14	1	Règ ki dikte nan ki lòd pou fè operasyon yo lè genyen plis pase yon operasyon 1) Senplifye tout ekspresyon ki an dedan senbòl gwoupman tankou parantèz 2) Jwenn valè tout pwisanans yo 3) Fè tout miltiplikasyon ak tout divizyon nan lòd de gòch a dwat 4) Fè tout adisyon ak tout soustraksyon nan lòd de gòch a dwat.
Ordered pair	Koup	112	3	Yon pè nonm yo itilize pou reprezante yon pwen nan plan katezyen a. Yo ekri koup tankou: (absis, òdone).

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Origin	Orijin	112	3	Pwen entèseksyon aks X la avèk aks Y la nan sistèm katezyen a.
Ounce	Ons	267	6	Yon inite pou mezire mas nan sistèm koutimye a. 16 ons egal yon liv.
Outcome	Rezilta	370	9	Yon nan rezilta posib nan yon eksperyans nan pwobabilite. Pa ekzanp 4 se yon rezilta lè yo voye yon zo.
Outlier	Done ò nòm	65	2	Yon valè ki swa pi gran anpil osnon pi piti anpil pase lòt valè yon ansanm done
Parallelogram	Paralelogram	434	10	Yon kadrilatè kote pè kote opoze yo paralèl epi egal.
Part	Pati	323	7	Nan yon pwopòsyon kote yon nan denominate yo se 1, nonm yap konpare avèk ansanm la.
Pentagon	Pentagòn	446	10	Polygòn ki genyen senk kote.
Percent	Pousantaj	216	5	Rapò ki konpare yon nonm ak 100.
Percent equation	Ekwasyon ak pousantaj	340	8	Yon ekwasyon ki dekri relasyon ant pati, baz epi pousantaj. Pati = pousantaj X baz.
Percent of change	Pousantaj varyasyon	350	8	Yon rapò ki konparechanjman yon kantite pa rapò kantite orijinal la.
Percent of decrease	Pousantaj diminisyon	350	8	Pousantaj chanjman lè kantite orijinal la ap diminye
Percent of increae	Pousantaj ogmantasyon	350	8	Pousantaj chanjman lè kantite orijinal la ap ogmante
Percent proportion	Pousantaj pwopòsyon	323	7	Itilize pousan pou konpareyon mòso yon kantite ak tout kantite a. Pati/baz = pousan/100.
Perfect square	Kare pafè	471	11	Nonm rasin kare yo se yon nonm antye. 25 se yon kare pafè paske rasin kare 25 se 5
Perimeter	Perimèt	270	6	Distans otou kèlkeswa figi jeyometrik ki fèmen.
Permutation	Pèmitasyon	381	9	Yon jan pou ranje bagay kote lòd yo mete bagay yo enpòtan
Pint	Pent	267	6	Yon inite pou mezire volim nan sistèm koutimye a ki egal 2 kèp.
Polygon	Polygòn	446	10	Yon figi jeyometrik plat ki fèmen epi ki genyen twa osnon plis kote.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Population	Popilasyon	345	8	Yon gwoup bagay osnon moun kote yo ka seleksyone echantiyon yo vle konsidere
Positive interger	Antye relatif pozitif	106	3	Yon antye relatif ki pi gran pase zewo.
Pound	Liv	267	6	Yon inite pou mezire mas nan sistèm koutimye ki egal 16 ons.
Powers	Pwisans	10	1	Yon nonm yo itilize yon ekspozan pou ekri li. Nap li 3^2 tankou 3 pwisans 2 osnon twa okare
Precision	Presizyon	542	12	Ekzaktitud yon mezi ki depann sou inite mezi a
Precision unit	Degre presizyon	542	12	Pi piti inite sou yon instriman ki sèvi pou mezire
Prime factorization	Miz an faktè Pwemye	198	5	Lè yo ekri yon nonm konpoze tankou pwodwi faktè pwemye li yo.
Prime number	Nonm pwemye	197	5	Yon nonm antye ki genyen ekzakteman 2 faktè; 1 ak nonm la li menm.
Principal	Manman lajan	358	8	Kantite lajan yon moun envèsti osnon kantite lajan li dwe.
Probability	Pwobabilite	370	9	Chans yon evènman ka rive. Se rapò ant kantite fwa yon evènman ka rive epi kantite rezilta posib yo
Properties	Pwopriyete	31	1	Yon deklarasyon ki vre pou kèlkeswa kantite nonm osnon varyab.
Proportion	Pwopòsyon	297	7	Yon ekwasyon ki montre de rapò egal
Pythagorean theorem	Teyorèm pitagò	479	11	Nan yon triyang rektang, kare longè ipoteniz la egal sòm kare de kote ang dwa a. $c^2 = a^2 + b^2$
Quadrant	Kadran	113	3	Yon nan kat rejyon de dwat nimerik pèpandikilè yo delimitè nan plan katezyen a
Quadrilateral	Kadrilatè	434	10	Yon figi fèmen ki genyen kat kote ak kat ang
Quart	Ka	267	6	Yon inite pou mezire volim nan system koutimye a ki egal 2 pent.
Radical sign	Siy radikal	471	11	Senbòl pou reprezante rasin kare $\sqrt{\quad}$
Radius	Reyon	275	6	Distans ant sant yon sèk ak kèlkeswa pwen sou sèk la.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Random	Aleyatwa	370	9	Yon rezilta aleyatwa lè tout rezilta yo genyen menm chans pou yo sòti.
Random sample	Echantiyon aleyatwa	345	8	Yon echantiyon aleyatwa lè chwa eleman li yo fèt sou chans sèlman.
Range	Pòte	177	4	Ansanm tout valè yon fonksyon ka pran
Rate	To	292	7	Rapò ant 2 mezi ki genyen de inite diferan.
Ratio	Rapò	216	5	Yon konparezon ant de nonm yo itilize divizyon pou fè. Nou ka ekri rapò ant 2 epi 3 tankou 2 sou 3, osnon 2 a 3, 2:3, osnon $\frac{2}{3}$
Rational numbers	Nonm rasyonèl	229	5	Fraksyon,desimal ki genyen yon nonm chif desimal fini, desimal ki genyen yon pati desimal peryodik epi antye relatif yo
Reciprocal	Resipwòk	258	6	Envès yon nonm pou multiplikasyon
Rectangular prism	Paralelepiped	520	12	Yon solid ki genyen de baz rektangilè ki parallel epi egal
Reflection	Refleksyon	457	10	Yon transfòmasyon kote yo fè yon figi pivote otou yon aks simetri
Regular polygon	Polygòn regilye	446	10	Yon polygòn ki genyen tout kote li yo egal epi tout ang li yo egal.
Repeating decimal	Devlopman decimal peryodik	211	5	Yon nonm desimal genyen yon devlopman peryodik lè chif ki fòme pati desimal la genyen yon osnon yon gwoup chif kap repete. Nou ka ekri 0.181818 tankou $0.\overline{18}$ ak yon ba sou 18 pou montre ke lap repete.
Rhombus	Lozanj	434	10	Yon paralelogram kote tout ang yo egal epi tout kote yo egal.
Right angle	Ang dwa	413	10	Yon ang ki mezire 90° ekzakteman.
Right triangle	Triyang rektang	429	10	Yon triyang ki genyen yon ang dwa
Sales tax	TCA	354	6	Yon lajan siplemantè leta fè moun peye sou bagay yo achte
Sample space	Inivè	374	9	Ansanm tout rezilta yon eksperyans ka bay
Scale	Domèn	54	2	Ansanm tout vale yon mezi ka genyen depi pi piti a jiska pi gran an.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Scale	Echèl	304	7	Sou yon kat, entèval ki reprezante rapò ant distans sou kat la epi distans reyèl la
Scale drawing	Desen a lechèl	304	7	Yon desen ki sanble avèk vre bagay men ki swa pi piti swa pi gran pase li
Scale factor	Faktè dechèl	305	7	Yon echèl yo ekri tankou yon fraksyon redwi
Scale model	Makèt	305	7	Yon modèl yo itilize pou reprezante yon bagay ki swa twò gran osnon twò piti pou reprezante nan gwosè reyèl li.
Scalene triangle	Triyang kèlkonk	429	10	Yon triyang ki pa genyen okenn kote egal.
Scatter plot	Dyagram dispèsyon	61	2	Nan yon diagram dispèsyon, de ansanm done ki genyen yon relasyon ant yo reprezante nan yon menm grafik
Scientific notation	Notasyon syantifik	43	1	Yon jan pou ekri yon nonm tankou pwodwi yon nonm ki o mwen 1 men ki pi piti pase 10 ak yon pwisans 10. Pa ekzanp, $6870 = 6.87 \times 10^3$.
Sequence	Seri	34	1	Yon list nonm ki ekri nan yon lòd espesifik 1, 2, 3, osnon 2, 4, 6, 8.
Significant digits	Chif siyifikatif	542	12	Tout chif yo konnen lè yap fè yon mezi epi yon dènye chif yo estime
Similar figures	Figi sanblab	440	10	Figi ki genyen menm fòm men ki pa genyen nesèsèman genyen menm dimansyon
Simple event	Evènman senp	370	9	Yon rezilta osnon yon koleksyon rezilta
Simple interest	Enterè senp	358	8	Kantite lajan ou peye lè ou prete lajan osnon ou genyen lè ou plase yon lajan
Simplest form	Fòm redwi	358	5	Yon fraksyon ekri sou fòm redwi lè PGFK ant nimeratè epi denominate li se 1. $\frac{3}{4}$ se yon fraksyon sou fòm redwi paske PGFK ant 3 epi 4 se 1.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Slop	Pant	182	4	Yon nonm ki endike ki jan yon liy apik Nou jwen pant yon dwat lè nou wè ki jan òdone a varye pa rapò absis la
Solid	Solid	514	12	Yon figi tridimansyonèl. Prism, pyramid, kone, epi silend se ekzanp solid
Solution	Solisyon	24	1	Valè yon varyab ki verifiye yon ekwasyon. Solisyon $12 = x + 7$ se 5
Solving an equation	Rezoud yon ekwasyon	24	1	Pwosesis ki pèmèt jwenn yon solisyon pou ekwasyon an
Square	Kare	470	11	Pwodwi yon nonm ak tèt li. 36 se kare 6
Squared	Okare	10	1	Yon nonm ki multipliyè pa tèt li; $4 \times 4 = 4^2$
Square root	Rasinn kare	471	11	Yon nan de faktè egal yon nonm genyen Rasin kare 9 se 3
Standard form	Fòm standa	11	1	Nonm ki ekri san pwisans.
Statistics	Estatistik	54	2	Etid koleksyon analiz epi prezantasyon done.
Stems	Tij	76	2	Pi gran valè pozisyonèl tout done yo genyen ansanm .Yo ekri li a gòch liy vètikal la nan dyagram tij ak fèy la.
Stem and leaf plot	Dyagram tij ak fèy	76	2	Yon sistèm yo itilize pou kondanse yon ansanm done kote pi gran valè pozisyonèl la fòme tij la epi vale pozisyonèl swivan an fòme fèy yo.
Straight angle	Ang pla	413	10	Yon ang ki mezire ekzakteman 180° .
Supplementary angles	Ang siplemantè	422	10	De ang siplemantè lè sòm yo egal 180° .
Surface area	Sifas total	532	12	Sòm sifas tout fas yon figi tridimansyonèl.
Survey	Ankèt	345	8	Yon kesyon osnon yon ansanm kesyon yo poze pou koleksyone enfòmasyon sou yon gwoup moun byen determine
Term	Tèm	19	1	Yon nonm, yon varyab, osnon pwodwi nonm ak varyab
Term	Tèm	34	1	Chak nonm nan yon seri

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Terminating decimal	Devlopman desimal fini	211	5	Yon nonm desimal ki genyen yon nonm chif desimal fini. Nou ka ekri tout nonm ki geyen yon nonm chif desimal fini tankou yon fraksyon kote denominatè a se swa 10, 100, 1000 etc.
Tesselation	Teselasyon	447	10	Yon motif an fòm poligòn kap repetesan kite espas
Theoretical probability	Pwobabilite teyorik	393	9	Rapò ant nonm fason yon evènman ka ralize epi nonm tout rezilta posib eksperyans ka bay.
Ton	Tòn	267	6	Yon inite pou mezire mas nan sistèm koutimye a ki egal 2000 liv .
Transformation	Transfòmasyon	451	10	Mouvman yon figi jewometrik
Translation	Translasyon	451	10	On jan transfòmasyon kote yo fè yon figi jewometrik glise orizontalman, vètikalman osinon tou de jan yo
Trapezoid	Trapèz	434	10	Yon kadrilatè ki genyen yon pè kote paralèl
Tree diagram	Dyagram Pye bwa	374	9	Yon dyadram yo itilize pou montre tout rezilta posib lè yo fè yon eksperyans nan pwobabilite.
Two step equation	Ekwasyon de etap	166	4	Yon ekwasyon ki genyen de operasyon.
Unit rate	To inite	292	7	Yon to kote denominate a se 1
Upper extreme	Maksimòm	80	2	Pi gran nonm nan yon ansam done
Upper quartile	Pi gran katil	80	2	Medyann dezyèm mwatye yon ansam nonm. Yo rele li PGK
Variable	Varyab	18	1	Yon senbòl, an jeneral yon lèt, yo itilize pou ranplase yon nonm.
Venn diagram	Dyagram Vèn	203	5	Yon dyagram yo itilize pou reprezante eleman ki nan de ansanm diferan. Pati yon sèk ki kouvri lòt sèk la reprerzante eleman de ansanm yo genyen an komen.
Vertex	Somè	413	10	Orijin komende demidwat ki fòme yon ang genyen.
Vertical angles	Ang opoze pa somè	422	10	Ang yo de dwat sekant fòme
Volume	Volim	520	12	Kantite espas yon figi tridimansyonèl genyen anndan li. Yo itilize inite okib pou eksprime yon volim.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
<i>x</i> -axis	Aks X	112	3	Aks orizontal nan de aks pèpandikilè ki fòme plan katezyen a.
<i>x</i> -coordinate	Absis	112	3	Pwemye nonm nan yon koup.
<i>y</i> -axis	Aks Y	112	3	Dwat nimerik vètikal nan de aks ki fòmeplan katezyen a
<i>y</i> -axis	Aks Y	112	3	Aks vètikal nan de aks ki fòme plan katezyen a.
<i>y</i> -coordinate	Òdone	112	3	Dezyèm nonm nan koup ki reprezante yon pwen nan plan katezyen a.